# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ
28.08.1999-ж. №463/I

# РЕКЛАМА ҲАҚҚЫНДА

Усы Нызамға төмендегилерге муўапық өзгерислер киргизилген
12.11.2003-ж. 227/II-санлы ҚР Нызамы
05.10.2007-ж. 165/III-санлы ҚР Нызамы
26.12.2007-ж. 180/III-санлы ҚР Нызамы
22.05.2010-ж. 31/II-санлы ҚР Нызамы
30.06.2011-ж. 88/VI-санлы ҚР Нызамы

**1-статья. Нызамның мақсети ҳәм ўазыйпалары**

Нызамның мақсети рекламаны таярлаў ҳәм тарқатыў менен байланыслы болған қатнасықларды тәртиплестириўден ибарат.

Нызамның тийкарғы ўазыйпалары төмендегилерден турады:

юридикалық ҳәм физикалық тәреплер яки өнимлер ҳаққында мәлимлеме ағымын қәлиплестириў;

исбилерменлик ҳәм тутыныў мәдениятын жетилистириў;

рекламаның мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик мәплерге, әдеп-икрамлылық және руўхыйлықтың улыўма қабыл етилген нормаларына, юридикалық ҳәм физикалық тәреплердиң исшеңлик абырайына, қоршап турған орталықтың жағдайына қаслық етиўден қорғаныў илажларын тәмийинлеў;

өнимниң характери, таярланыў усылы ҳәм орны, тутыныў қәсийетлери, сапасы ҳәм басқа да сыпатлары, оны реализация етиў шәртлери ҳаққында тутыныўшыны алжастыратуғын жалған яки анық емес мағлыўматлардың реклама қуралында тарқатылыўының алдын алыў.

**2-статья. Нызамның қолланыў саласы**

Қарақалпақстан Республикасы аймағында реклама таярлаў ҳәм тарқатыў менен байланыслы болған қатнасықларда усы Нызам басшылыққа алынады.

Бул Нызам, социаллық ўақыяларды, сиясий партиялардың, диний шөлкемлер ҳәм жәмийетлик бирлеспелердиң мәплерин сәлелендириўши және оларды қоллап-қуўатлаўға арналған мәлимлеме менен байланыслы болған қатнасықларға тийисли емес.

**3-статья. Реклама ҳаққындағы нызам актлери**

Реклама ҳаққындағы нызам актлери усы Нызам ҳәм басқа нызам актлеринен ибарат.

Егер Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамасында Қарақалпақстан Республикасының реклама ҳаққындағы нызам актлериндегиден басқаша қәделер белгиленген болса, халықаралық шәртнама режелери қолланылады.

**4-статья. Тийкарғы түсиниклер**

Бул Нызамда төмендеги тийкарғы түсиниклер қолланылады:

реклама – тиккелей ямаса дәлдалшылық бағдарда дәрамат алыў мақсетинде юридикалық ҳәм физикалық тәреплер яки өним ҳаққында тарқатылатуғын арнаўлы мәлимлеме;

реклама – тиккелей яки биреўдиң жәрдеми арқалы пайда (дәрамат) алыў мақсетинде юридикалық яки физикалық тәреплер, өним, соның ишинде товар белгиси, хызмет көрсетиў белгиси ҳәм технологиялар ҳаққында ҳәр қыйлы формада ҳәм ҳәр қыйлы қураллар жәрдеминде нызам ҳүжжетлерине муўапық тарқатылатуғын арнаўлы хабар;

реклама таярлаўшы – реклама толық яки бир бөлегин таярлаўды әмелге асырыўшы тәреп;

реклама тарқатыўшы – реклама қураллары арқалы реклама тарқатыўды әмелге асырыўшы тәреп;

рекламадан пайдаланыўшы – реклама бағдарланған тәреп ямаса олардың топары;

реклама қураллары – рекламаны оннан пайдаланыўшыға жеткериў ушын қолланылатуғын қураллар;

өним – товарлар, жумыслар, хызметлер.

қарсы реклама - надурыс (инсапсыз, көз-көреки жалған) реклама келтирип шығарған яки келтирип шығарыўы мүмкин болған ақыбетлерди сапластырыў мақсетинде тарқатылатуғын бийкарлаў.

**5-статья. Рекламаның тили**

Қарақалпақстан Республикасы аймағында реклама Қарақалпақстан Республикасының мәлекетлик тиллеринде яки реклама бериўшиниң қәлеўине қарай басқа тиллерде тарқатылады. Белгиленген тәртипте дизимге алынған товар белгилери (хызмет көрсетиў нышанлары), баспа усылында терилген буўынлы белгилер (логотиплер) нусқасы қайсы тилде болса, сол тилде келтирилиўи мүмкин.

**6-статья. Рекламаға тийисли тийкарғы талаплар**

Нызамлылық, анықлық, исенимлилик, рекламадан пайдаланыўшыға руўхый ҳәм материаллық зыян келтирмейтуғын формалар ҳәм қураллардан пайдаланыў рекламаға қойылатуғын тийкарғы талаплар болып табылады.

Рекламада төмендегилер қадаған етиледи:

ислеп шығарылыўы яки реализация етилиўи нызам актлери менен қадаған етилген өним ҳаққында мәлимлеме тарқатыў;

жынысы, расасы, миллети, тили, дини, социаллық шығысы, көзқараслары, жеке ҳәм социаллық аўҳалына және басқа да жайдайларға қарап кемситиў яки өзге тәреплер өниминиң абырайын түсириў;

нызам актлериниң бузылыўына алып келиўи мүмкин болған, пуқаралардың денсаўлығы яки өмирине ҳәм қоршап турған орталыққа зәлел келтириўши ямаса зыян келтириўи мүмкин болған, сондай-ақ қәўипсизлик қуралларын писент етпеўге ийтермелеўши ҳәрекетлерге шақырыў;

мәжбүрий сертификатластырылыўы зәрүр болған яки ислеп шығарылыўы ямаса реализация етилиўи ушын арнаўлы рухсатнама (лицензия) болыўы талап етилетуғын өнимди тийисли сертификаты, лицензиясы болмастан реклама етиў;

егер авторлық ҳуқықы яки оған байланыслы ҳуқықлар ҳаққындағы нызам актлеринде басқаша реже нәзерде тутылған болмаса, басқа өним рекламасында қолланылатуғын улыўма шешим, текст, сүўрет, музыкалы және ҳаўазлы эффектлерди дәл тәкирарлаў (көширме ислеў яки уқсатыў);

физикалық тәрептиң аты яки сүўретинен оның келисимисиз пайдаланыў;

порнографияны тарқатыў;

мәлимлеме мазмунының бузылыўына алып келиўи мүмкин болған шет ел сөзлери ҳәм ибараларына пайдаланыў;

өним мәмлекетлик уйымлар ямаса олардың лаўазымлы шахслары тәрепинен мақулланғанлығын көрсетиў;

қатнасыў ушын белгили бир өнимди алыў шәрти қойылған хошаметлеўши лотерея, таңлаў, ойын ямаса усыған усас басқада илажлар өткериўди илаждың шөлкемлестириўшисин, оны өткериў қағыйдалары ҳәм мүддетлерин, бундай илаж ҳаққындағы мәлимлеме дерегин, сыйлықлар ямаса утыслар муғдарын, оларды алыў мүддетлери, орны ҳәм тәртибин көрсетпеген ҳалда реклама етиў;

өнимлерди товар белгиси ямаса хызмет көрсетиў белгиси реклама етиў қадаған етилген яки реклама етиўге байланыслы тийисли шеклеўлер ямаса талаплар белгиленген өнимниң товар белгиси яки хызмет көрсетиў белгиси менен алжастырып жиберетуғын дәрежеде бир қыйлы ямаса оған дәл уқсас болған басқада өнимниң рекламасы көринисинде реклама етиў.

**7-статья. Жас өспиримлерге арналған рекламаға тийисли шеклеўлер**

Төмендеги реклама қадаған етиледи:

тек ғана жас өспиримлерге арналған яки кәмалат жасына толмағанлардың алыўы ямаса тутыныўы қадаған етилген өнимди жас өспиримлердиң тутынып яки пайдаланып атырғаны түсирилген реклама;

жас өспиримлерди өним алыўға яки рекламаланып атырған өнимди алыўды өтиниш етип үшинши мүрәжат етиўге шақырыўшы реклама;

ҳақыйқый яки ойыншық қуралдан пайдаланылған реклама.

**8-статья. Реклама бериўшиниң ҳуқық ҳәм миннетлери**

Реклама бериўши төмендеги ҳуқықларға ийе:

реклама бойынша шәртнама дүзиў ҳаққында жәриялы усыныс (ғалаба оферта) киргизиў;

реклама таярлаўшы ҳәм тарқатыўшы шәртнаманы тийкарсыз рәўиште бийкарлаған жағдайларда, келтирилген зәлелдиң орнын және руўхый зыянды өтеў ҳаққында даўа арза менен судқа мүрәжат етиў;

Реклама бериўши:

реклама таярлаўшы яки тарқатыўшының талабы бойынша реклама мәлимлемесиниң исенимлилигин тастыйықлаўшы ҳүжжетлерди усыныўы;

егер реклама бериўшиниң жумысы лицензияланыўы зәрүр болса, өнимди яки реклама бериўшиниң өзин рекламалап атырғанда тийисли рухсатнаманы усыныўы шәрт.

Реклама бериўши нызам актлерине муўапық басқа ҳуқықларға ийе болыўы ҳәм басқа да миннетлерди орынлаўы мүмкин.

**9-статья. Реклама таярлаўшы ҳәм тарқатыўшының ҳуқық ҳәм ўазыйпалары**

Реклама таярлаўшы ҳәм тарқатыўшы төмендеги ҳуқықларға ийе:

ғалаба оферта жиберилген тәрептен белгиленген тәртипте акцент алғаннан кейин реклама бериўши шәртнама дүзиўден бас тартқан жағдайларда, бул тәрепти шәртнама дүзиўге мәжбүрлеў ҳаққында ҳәм реклама бериўшиниң шәртнама дүзиўден тийкарсыз рәўиште бас тартқанлығы себепли келтирилген зәлелди өтеў ҳаққындағы талабы бойынша судқа мүрәжат етиў;

нызам актлеринде белгиленген жағдайларда реклама бериўшиден тийисли лицензияны талап етиў.

Реклама таярлаўшы ҳәм тарқатыўшы:

усы Нызамда белгиленген реклама жумысы ҳәм қәўендерлик етиў қәделерин орынлаўы;

мәлимлеме яки басқа материалды берген тәреп ҳаққындағы мағлыўматларды оның келисимисиз жәрия етпеўи;

реклама бериўши нызам актлериниң бузылыўына алып келиўи мүмкин болған мағлыўмат берген жағдайда реклама бериўшини бул ҳаққында ўақтында хабардар етиўи тийис.

Реклама таярлаўшы ҳәм тарқатыўшы нызам актлерине муўапық басқа ҳуқықларға ийе болыўы және басқа миннетлерди орынлаўы мүмкин.

**10-статья. Рекламаға тийисли авторлық ҳуқық**

Рекламаға болған авторлық ҳуқық ҳәм оған байланыслы ҳуқықларды тәртиплестириў нызам актлерине муўапық әмелге асырылады.

**11-статья. Рекламаны идентификациялаў**

Реклама, оны тарқатыў түрлери яки қуралларынан ғәрезсиз, басқа мәлимлемеден реклама деп есаплаў мүмкин болатуғын дәрежеде ажыратылған болыўы керек.

Телевидение ҳәм радиодағы реклама басқа бағдарламалардан оның басланыўы ҳәм тамамланыўында аудио-, видео-, аралас қураллар яки алып барыўшының түсиниклери жәрдеминде ажыратып қойылыўы тийис.

Өнимге қызығыўды қәлиплестириў менен өним реализациясына жәрдемлесиў ушын өнимниң белгили маркасына (моделине, артикулына) яки оның өндириўшисине тутыныўшының дыққатын арнаўлы тартыўшы, сондай-ақ усы өнимди өндириўши ямаса тарқатыўшы тәрепке тийисли мағлыўматлардан (реквизитлерден) ибарат мәлимлеме материалы, авторлық жәнe редакция материалы – реклама болып есапланады ҳәм ол «Реклама» яки «Реклама орнына» рубрикасы менен жайластырылыўы тийис.

**12-статья. Қәўендерлик**

Теле ҳәм радио көрсетиўлерди дөретиўде, басқа ғалаба хабар қураллары ушын материаллар таярлаўда, театр – концерт бағдарламалары ҳәм усы бағдардағы ҳәр қыйлы илажларды уйымластырыўда қәўендерлер қатнасыўы мүмкин.

Реклама телевидение ҳәм радио, аудиовизуаль өним менен байланыслы болған жәнe қәўендерлер хызметлеринен пайдаланылатуғын жағдайда, қәўендерлер ҳаққындағы мәлимлеме бағдарламасының басланыўында, ақырында қысқа ҳәм анық белгилениўи тийис. Қәўендердиң аты жанында яки қәўендердиң орнына оның товар белгиси (хызмет көрсетиў белгиси) көрсетилиўи мүмкин.

Жаңалықлар ҳаққындағы телерадио бағдарламаларда қәўендерлердиң хызметлеринен пайдаланыўға жол қойылмайды.

Қәўендерлик етиўши өзи қәўендерлик етип атырған тәрептиң жумысына араласыўға ҳақылы емес.

**13-статья. Надурыс реклама**

Анық емеслиги, еки түрли мәнисти аңлатыўы, бөрттирип жибериўи, жасырып кетиўи ақыбетинде, рекламаны тарқатыў ўақты, орны ҳәм усылына қойылған талапларды жәнe нызам актлеринде нәзерде тутылған басқа да қәделерди бузыўы салдарынан рекламадан пайдаланыўшыларды алжастырыўшы яки алжастырыўы мүмкин болған тәреплерге, сондай-ақ мәмлекетке мүлкий зәлел менен руўхый зыян келтириўи мүмкин болған реклама надурыс реклама болып есапланады.

Надурыс реклама қадаған етиледи.

Рекламаны надурыс деп табыў ҳаққындағы шешимди Қарақалпақстан Республикасы Монополиядан шығарыў ҳәм бәсекиликти раўажландырыў

мәмлекетлик комитети яки оның аймақлық уйымлары (буннан былай тексте ўәкилликке ийе мәмлекетлик уйым деп жүргизиледи) қабыл етеди. *(ҚР ЖК 05.10.2007-ж. 165/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**14-статья. Жасырын реклама**

Жасырын реклама тутыныўшының уғымына оны өзи аңламаған рәўиште тәсир ететуғын, соның ишинде арнаўлы видеоқосымшалардан (қос ҳаўазлы жазыўдан) пайдаланыў жолы менен ҳәм басқа усыллар менен тәсир ететуғын реклама болып табылады.

Жасырын рекламадан радио-, теле-, видео-, аудио- ҳәм кино өнимлеринде, сондай-ақ басқа өнимлерде пайдаланыўға ҳәм оны басқаша усыллар менен тарқатыўға жол қойылмайды.

Рекламаны жасырын деп табыў ҳаққындағы шешимди мәмлекетлик ўәкилликли уйым нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте қабыл етеди.

**15-статья. Салыстырмалы реклама**

Салыстырмалы реклама - бәсекилеске яки ол усынған анық бир түрдеги өнимге тиккелей ямаса тиккелей емес идентификацияланатуғын реклама болып табылады.

Егер рекламада өнимниң материаллық әҳмийети, исенимли көрсеткишлери бийтәреп ҳәм ҳақыйқый салыстырылса, егер бунда реклама оннан пайдаланыўшыны алжастырмаса және алжастырыўы мүмкин болмаса, реклама бериўши менен бәсекилестиң товар белгилери (хызмет көрсетиў белгилери), фирмалық аты, өними араласып кетпесе ҳәм бәсекилестиң исшеңлик дәрежесин яки оның товар белгисиниң (хызмет көрсетиў белгисиниң), фирмалық атының, өниминиң ямаса жумысының абырайын түсирмесе, салыстырмалы рекламаға жол қойылады.

**16-статья. Социаллық рекламалы мәлимлеме**

Социаллық рекламалы мәлимлеме денсаўлықты сақлаў, қоршап турған орталықты қорғаў, энергия ресурсларын сақлап қалыў, ҳуқық бузыўлардың алдын алыў, халықты социаллық қорғаў ҳәм қәўипсизлигин тәмийинлеў, руўхыйлық және ағартыўшылық мәселелерине тийисли мәлимлеме, сондай-ақ коммерциялық емес түрдеги басқа мәлимлеме болып табылады.

Тәреплердиң социаллық рекламалы мәлимлемени тегинге таярлаў ҳәм тарқатыўға тийисли жумысты, өз мүлкин (соның ишинде ақша қаржыларын) социаллық рекламалы мәлимлеме таярлаў және тарқатыў ушын басқа тәреплерге бериўи қайырхомлық жумысы деп табылады. Бундай тәреплер нызам актлеринде нәзерде тутылған жеңилликлерден пайдаланады.

Реклама тарқатыўшылар реклама ушын ажыратылған эфир ўақты, басылым ямаса реклама майданының улыўма жыллық көлеминиң 5 процентинен кем

болмаған көлемде социаллық рекламалы мәлимлемени жайластырыў шәрт. Бунда жумысы Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик бюджети есабынан толық ямаса бир бөлегинде қаржыландырылатуғын реклама тарқатыўшылар социаллық рекламалы мәлимлемени бийпул жайластырады.

**17-статья. Телевидение ҳәм радиодағы реклама**

Теле ҳәм радиошөлкемлер ушын рекламаға ажыратылған көрсетиў (еситтириў) ўақты көрсетиўдиң (еситтириўдиң) ҳәр бир саатының ө пайызынан асып кетпеўи керек. Бул талап көрсетиўдиң (еситтириўдиң) арнаўлы реклама каналларына қойылмайды.

нө минуттан артық даўам ететуғын концерт-тамаша жәнe спорт бағдарламалары кино ҳәм телефильмлер реклама ушын толық нө минутлық ўақыт аралығында ең көби бир мәрте үзип қойылыўы мүмкин. Реклама бул көрсетиўлердиң (еситтириўлердиң) басланыўынан алдын ҳәм оның тамамланыўынан соң жайластырылыўы да мүмкин. 10 минуттан кем даўам ететуғын телекөрсетиўлерге (радиоеситтириўлерге) улыўма, 10 минуттан артық даўам ететуғын телекөрсетиўлерге (радиоеситтириўлерге) болса бул телекөрсетиўлердиң (радиоеситтириўлердиң) авторлық ҳуқықының ийеси менен келиспестен реклама жайластырылыўы мүмкин емес.

Мәмлекетлик әнжуманлар ҳәм мәресимлер алып көрсетилип атырған (еситтирилип атырған) ўақытта оны үзип қойып рекламаны көрсетиў (еситтириў) қадаған етиледи.

Балаларға (он төрт жасқа дейинги) арналған көрсетиўлерде (еситтириўлерде) реклама қадаған етиледи. Бул қадаған етиў социаллық рекламалы мәлимлемеге тийисли болмайды.

Бағдарламалардың реклама бөлимлери сестин телерадио бағдарламаның сестине қарағанда бәлентирек қойыў қадаған етиледи.

Телекөрсетиўлер берилип атырғанда реклама мақсетлеринде ҳәрекетшиң сөз қатарларынан пайдаланыў қадаған етиледи, реклама берилап атырған ўақыттағы ҳәрекет етиўши сөз қатарлары оған кирмейди.

Телекөрсетиўлердиң алып барыўшылары, дикторлары ҳәм басқа қатнасыўшылары реклама ушын ажыратылған ўақыттан тыс пайытта өнимди биле турып көргизбе ислеў яки оның тутыныў қәсийетлерин тиккелей ямаса дәлдалшылық бағытта сыпатлаў ҳуқықына ийе емес.

Телевидение ҳәм радио хызметкерлериниң мәлимлеме бәнеси менен реклама менен айланысыўына, яғный өним ислеп шығарыўшының реквизитлерин, жайласқан орнын, телефон номерин, өнимниң коммерциялық белгилерин көрсетиўине тыйым салынады.

**18-статья. Басылма ғалаба хабар қуралларындағы реклама**

Басылма ғалаба хабар қуралларындағы рекламаның көлемин, тематикасын усы ғалаба хабар қураллары өз бетинше белгилейди. Жазылыў бойынша тарқатылатуғын басылма қураллар жазылыў шәртлеринде басылымның улыўма көлеминдеги реклама муғдарын көрсетиўи шәрт.

Рекламалық бағдардағы хабарлар ҳәм материалларды берип барыўға қәнигелеспеген ўақытлы басылымда реклама ўақытлы басылымның бир саны көлеминиң ң0 пайызына асып кетпеўи шәрт, қалған реклама бийпул қосымша тәризде берилиўи керек.

**19-статья. Телефон ҳәм ҳүжжетли электр байланысынан пайдаланылатуғын реклама**

Телекс ҳәм факсимиль байланыс жәрдеминде реклама ислеў, егер алыўшының арнаўлы сораўы болмаса, бир мәнзилге бир беттен артық болмаған көлемде бир мәрте жөнелтиўге жол қойылады.

Жергиликли қалааралық яки халықаралық телефон байланысынан пайдаланылатуғын рәўиште көрсетилетуғын хызметлер рекламасы реклама қуралларында тарқатылатуғын жағдайда төмендеги анық мағлыўматлардан турыўы тийис:

хызметтиң төлемли яки тегин екенлиги ҳәм оның баҳасы ҳаққында мағлыўмат;

усынылған хызметтиң мазмуны ҳаққындағы мағлыўмат;

хызмет тутыныўшыларына нызам актлеринде белгиленген ҳәм хызметтиң ислеп шығарыўшысы тәрепинен белгиленген жас бойынша, сондай-ақ басқа да шеклеўлер ҳаққындағы мағлыўмат;

телефон байланысы каналынан төлемли пайдаланыў ҳәм тийисли регионда хызметтен ә минут пайдаланыўдың баҳасы ҳаққында мағлыўмат.

Усы статьяның екинши бөлиминде нәзерде тутылған мағлыўмат реклама хызметин усыныў ушын пайдаланылатуғын телефон номери терилген шрифт көлеминиң кеминде ярымына тең көлеми шрифт пенен басылыўы шәрт.

Милиция, тез медициналық жәрдем, өрттен сақлаў ҳәм соған уқсас хызметлердиң бийпул хызмет көрсететуғын телефон номерлеринен реклама тарқатыў ушын пайдаланыўға тыйым салынады.

**20-статья. Сыртқы реклама**

Сыртқы рекламаға айрықша арнаўлы конструкцияларда, тахта бетлеринде, экранларда, биналарда, имаратларда, жол шетлеринде, көше жақтыландырыўшыларының реклама киреди.

Сыртқы рекламаны жайластырыў тәртиби жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары тәрепинен өз ўәкилликлери шеклеринде белгиленеди.

Белгили бир тәреп ийелеп турған имараттың сыртқы тәрепинде, имаратқа кирер жерде усы тәреп ҳаққында жайластырылған яки усы тәрептиң өними

туўралы усы имарат витринасындағы мағлыўмат-реклама деп есапланбайды ҳәм бунын ушын жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларынын рухсатын алыў талап етилмейди.

Сыртқы рекламаны көше жақтыландырғышларынын тиреўишлерине ҳәм көше және жоллардын қатнаў бөлегин бойлап жайластырыў қәўипсизлик техникасы талапларына бойсынған рәўиште ҳәм жол белгилери, светофорлар, кесиспелер, пиядалардын өтиў орынлары, улыўма пайдаланыўдағы транспорт қураллары бәндиргилерин беклеп қоймаған жағдайда, сондай-ақ бундай реклама жол белгилери сүўретин тәкирарламайтуғын жағдайда әмелге асыралады.

Тәбиятты қорғаў объектлери шеклеринде сыртқы реклама жайластырыўға жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары яки тийисли мәмлекетлик басқарыў уйымларынын ўәкилликлери шегинде олар менен келисилген рәўиште рухсат бериледи.

Сыртқы рекламаны мәдений мийрас объектлеринде, жол белгилеринде ҳәм светофорларда, олардын тиреклеринде яки ҳәрекетти тәртипке салып турыўшы басқа ҳәр қандай қурылмаларда, сондай-ақ тереклзарларды жоқ етиў ҳәм аймақиағы абаданластырыў ислерин бузыў жолы менен орналастырыў қадаған етиледи.

**21-статья. Транспорттағы ҳәм почта жөнелтпелериндеги реклама**

Реклама транспорт қуралларында, тек ғана олардын ийелери яки мүлик ийелери менен келисилген рәўиште ҳәм де қәўипсизлик талаплары және жол ҳәрекети қәделерине муўапық жайластырылыўы мүмкин.

Рекламаны улыўма пайдаланылатуғын транспорт қуралларында, вокзалларда ҳәм аэропортларда жолаўшыларға хабар бериўши ҳаўазлы тармақлар арқалы тарқатыў қадаған етиледи, социаллық рекламалы мағлыўмат буған кирмейди.

Рекламаны почта жөнелтпелери арқалы тарқатыў белгиленген тәртипте шәртнама тийкарында әмелге асырылады. *(ҚР ЖК 26.12.2007-ж. 180/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**22-статья. Дәри-дәрмақлар, косметика ҳәм турмыслық химия қураллары рекламасы** *(ҚР ЖК 27.06.2014-ж. 209/XV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Дәри-дәрмақлар рекламасында төмендегилер болыўы шәрт:

дәринин толық аты (сонын ишинде халықаралық фармакологиялық аты) ҳәм ислеп шығарыўшынын аты;

дәриден пайдаланыў яки оны қолланыў ҳаққында мағлыўмат.

Төмендегилерди рекламалаў қадаған етиледи:

тек ғана шыпакердин көрсетпеси (рецепти) бойынша берилетуғын дәрилер;

қурамында гиябентлик ҳәм психотроп затлары болған дәрилер;

Өзбекстан Республикасында медицинада қолланыўға рухсат берилмеген дәрилер.

Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлигиниң рухсатысыз жас өспиримлер ушын арналған дәри-дәрмақларды реклама қылыўға жол қойылмайды. *(ҚР ЖК 27.06.2014-ж. 209/XV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Қолланыўы ҳәм реализация етилиўи бойынша тийисли мәмлекетлик уйымлар арнаўлы рухсатнама бермей турып косметика, турмыс химиясы, азық-аўқат өнимлери, витаминли ҳәм биологиялық жақтан тәсирли азық-аўқат қосымшаларын реклама етиў қадаған етиледи.

Усы статьяның режелери медицина мәкемелери ҳәм медицина хызметкерлери ушын арналған рекламаға пайдаланылмайды. Медицина мәкемелери ҳәм медицина хызметкерлери ушын арналған дәри-дәрмақларды рекламалаў тәртиби Өзбекстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў ўәзирлиги тәрепинен белгиленеди. *(ҚР ЖК 27.06.2014-ж. 209/XV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**23-статья. Темеки, темеки өнимлери ҳәм алкоголли ишмликлер рекламасы**

Темеки, темеки өнимлери ҳәм ҳәр қандай қуўатлықтағы алкоголли ишимликлер рекламасы қадаған етиледи, соның ишинде:

темеки, темеки өнимлери ҳәм алкоголли ишимликлер үлгилерин тегин тарқатыў;

темеки, темеки өнимлери ҳәм алкоголли ишимликлердиң атамасы, товар белгиси ямаса сүўретинен пайдаланылатуғын илажларға қәўендерлик етиў;

темеки, темеки өнимлери ҳәм алкоголли ишимликлердиң атамасы, товар белгиси түсирилген товарларды (футбол майкалары, бас кийимлер, ойынлар ҳәм басқаларды) тарқатыў, соның ишинде сатыў;

саўда объектлериниң алдыңғы тәрепинде, кириў (транспортта кириў) орынларында, витриналарында, тысқарыға алып шығылатуғын предметлеринде ҳәм басқада орынларында темеки, темеки өнимлери ҳәм алкоголли ишимликлердиң сүўретлерин, атамаларын ҳәм олар ҳаққындағы басқада мәлимлемени орнатыў қадаған етиледи.

**24-статья. Қурал-жарақ рекламасы**

Қурал-жарақты реклама етиў тек ғана арнаўлы басылымларда, сондай-ақ тиккелей аңшылық қуралларын реализациялаўшы саўда шөлкемлериниң имаратларында яки тийисли көргизбелерде (илажларда) әмелге асырылады.

**25-статья. Баҳалы қағазлар ҳәм халықтың қаржыларын тартыў менен байланыслы хызметлер рекламасы**

Баҳалы қағазларды ҳәм халықтың қаржыларын (банклердеги қаржылары, қамсызландырыў қаржылары ҳәм т.б.) тартыў менен байланыслы хызметлерди яки усындай хызмет көрсетиўши тәреплерди рекламалаўды бундай жумыс түри менен шуғылланыў ҳуқықы барлығын тастыйықлайтуғын тийисли лицензия болған жағдайда ғана әмелге асырылыўы мүмкин. Бундай хызметлер яки усындай хызмет көрсетиўши тәреплер рекламасында күтилип атырған дәраматлар муғдарын, сондай-ақ, болажақ дәрамат ҳаққында басқа мағлыўматты хабарлаў қадаған етиледи, кеминде бир жыллық жуўмақлар бойынша ҳақыйқатында төленген дәрамат буған кирмейди.

Баҳалы қағазлар ҳәм халықтың қаржыларын тартыў менен байланыслы хызметлер рекламасына тийисли мүнәсибетлерди тәртипке салыў нызам актлеринде нәзерде тутылған тәртипте әмелге асырылады.

**26-статья. Реклама материалларын сақлаў мүддетлери**

Реклама бериўши, реклама таярлаўшы ҳәм тарқатыўшы реклама материалларын соңғы мәрте реклама жәрияланған (көрсетилген) күннен баслап бир жыл даўамында сақлаўы шәрт.

**27-статья. Реклама мәлимлемесине байланыслы актлер ҳәм материаллар алыў**

Реклама бериўши, реклама таярлаўшы ҳәм тарқатыўшы ўәкилликке ийе уйымның талабы бойынша ол белгиленген мүддетке реклама мәлимлемесине тийисли актлер ҳәм материалларды усыныўы тийис.

Реклама бериўшилер, реклама таярлаўшылар ҳәм тарқатыўшылардың рекламаға тийисли актлери менен материалларын иркинишсиз алыў ҳуқықы ўәкилликке ийе мәмлекетлик уйымның лаўазымлы тәреплерине бериледи.

Коммерциялық сыр болып есапланатуғын ҳәм усы статьяның екинши бөлиминде көрсетилген лаўазымлы тәреплер тәрепинен алынған мағлыўматлар жәрия етилмеўи тийис.

Ўәкилликке ийе мәмлекетлик уйымның лаўазымлы тәреплери коммерциялық сыр болып есапланатуғын мағлыўматларды жәрия еткен жағдайда, реклама бериўшиге, реклама таярлаўшы ҳәм тарқатыўшыға келтирилген зәлел, соның ишинде руўхый зыян нызам актлеринде белгиленген тәртипте өтеледи.

**28-статья. Қарсы реклама**

Ўәкилликли мәмлекет уйымлары реклама ҳаққындағы нызам актлери бузылғанлығы анықланған жағдайда, ҳуқық бузыўшы усы уйымлардың шешимине муўапық ҳәм олар көрсеткен мүддетке қарсы реклама бериўи тийис. Қарсы реклама бериў ықтыярлы рәўиште яки судтың шешимине муўапық әмелге асырылыўы мүмкин. Қарсы реклама бериўди әмелге асырыў менен байланыслы барлық қәрежетлер ҳуқық бузыўшы тәрепинен өтеледи.

Егер ҳуқық бузыўшы қарсы рекламаны реклама ҳаққындағы нызам актлериниң орынланыўын қадағалаўды әмелге асырыўшы уйым белгилеген мүддетте бермесе, усы уйым ҳуқық бузыўшының рекламасын ол қарсы реклама бергенге дейин толық яки бир бөлегин тоқтатып қойыў ҳаққында шешим қабыл етиўге ҳәм реклама ҳаққындағы нызам актлерин бузған тәреп пенен шәртнама дүзген тәреплерди буннан хабардар етиўге ҳақылы.

Қарсы реклама бийкарлаўға берилип атырған реклама жәрияланған сол ғалаба хабар қуралларында, сол мүддет, мәкан жай, орын ҳәм тәртиптен пайдаланып бериледи.

Қарсы рекламаның мазмуны ҳуқық бузыў жағдайын анықлаған ҳәм оны дүзетиў ҳаққында шешим қабыл еткен тийисли мәмлекетлик уйым менен келисиледи. Айырым жағдайларда бул уйымның шешимине муўапық қарсы реклама берилетуғын ғалаба хабар қуралы, мүддети, орны ҳәм тәртиби өзгертилиўине жол қойылыўы мүмкин.

**29-статья. Реклама ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин бузғанлығы ушын жуўапкерлик.**

Реклама ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин бузғанлықта айыпкер шахслар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

Реклама бериўши реклама ҳаққындағы нызам ҳүжжетлериниң реклама таярлаў ушын усынылатуғын мағлыўматтың мазмунына байланыслы бөлими бузылғанлығы ушын, егер усы нызам бузыўшылық реклама таярлаўшының ямаса реклама тарқатыўшының айыбы менен жүз бергенлиги дәлийлленбесе, жуўапкер болады.

Реклама таярлаўшы реклама ҳаққындағы нызам ҳүжжетлериниң реклама таярлаўға байланыслы бөлими бузылғанлығы ушын жуўапкер болады.

Реклама тарқатыўшы реклама ҳаққындағы нызам ҳүжжетлериниң рекламаны тарқатыў ўақты, орны ҳәм қуралларына байланыслы бөлими бузылғанлығы ушын жуўапкер болады.

Реклама бериўши, реклама таярлаўшы ҳәм тарқатыўшы - юридикалық шахслардың лаўазымлы шахслары, реклама бериўши, реклама таярлаўшы ҳәм тарқатыўшы - физикалық шахслар надурыс реклама бергенлиги, антиреклама бериўден бас тартқанлығы, реклама етилиўи нызам ҳүжжетлери менен қадаған етилген өнимди реклама қылғанлығы, реклама ҳаққындағы нызам ҳүжжетлериниң бузылыўын сапластырыў ҳаққындағы көрсетпени өз ўақтында орынламағанлығы, сыртқы рекламаны жайластырыў тәртибине бойсынбағанлығы, реклама мағлыўматына байланыслы ҳүжжетлер ҳәм материалларды ўәкилликли мәмлекетлик уйымға белгиленген мүддетте усынбағанлығы ямаса билқастан надурыс мағлыўматлар усынғанлығы ушын ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартылады.

Ҳәкимшилик жаза шарасы қолланылғанлығы реклама бериўшилер, реклама таярлаўшылар ҳәм тарқатыўшыларды ўәкилликли мәмлекетлик уйымның шешимин ямаса көрсетпесин орынлаў яки реклама ҳаққындағы нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған басқада ҳәрекетлерди ислеў миннетинен азат етпейди. *(ҚР ЖК 27.06.2014-ж. 209/XV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**30-статья. Тартысларды шешиў**

Реклама таярлаў ҳәм тарқатыў процессинде келип шығатуғын тартыслар суд тәртибинде шешиледи.